



Commonwealth of Massachusetts

DEPARTMENT OF HOUSING & COMMUNITY DEVELOPMENT

Charles D. Baker, Governor ♦ Karyn E. Polito, Lt. Governor ♦ Jennifer D. Maddox, Undersecretary

Pwogram *Federal Emergency Rental Assistance Program*

Program *Federal Emergency Rental Assistance Program* (ERAP) se yon pwogram asistans lojman ijan pou soulaje estrès finansye pou lokatè ak mèt kay. ERAP bay asistans pou lwe, [bòdwo sèvis piblik], ak demenajman pou lokatè ki kalifye k ap fè fas a enstabilite lojman ak difikilte finansye poutèt ijans sanitè piblik COVID-19 la.

Pou yo elijib pou ERAP, fòk menaj yo:

1. Abite nan lojman lwe nan Massachusetts
2. Touche revni ki pa plis pase [80 pousan revni mwayen pou zòn nan \(area median income\) \(AMI\)](#)
3. Ateste ke yo:
 - Te sibi difikilte finansye ki gen rapò ak COVID-19
 - Sou risk sanzabri oswa enstabilite lojman

ERAP kapab ede lokatè avèk pri sa yo kòmanse depi 13 mas 2020:

- Lwaye an aryè (aryè), ki pa ka depase 18 mwa aryè.
- Jiska 3 mwa lwaye nan fiti a (alokasyon)
- [Aryè pou bòdwo sèvis piblik jiska \$2,500 pou chak kay]
- Depans ki gen rapò ak demenajman
 - Premye ak dènye mwa peman lwaye
 - Depo Sekirite
 - Kamyon pou demenaje
 - Peman pou mèb (jiska \$1,000)

Nou pral prioritize asistans pou kay ki gen youn moun oswa plis ki te nan chomaj pandan omwens 90 jou nan moman demann nan depoze oswa ki touche revni ki pi ba pase 50% Revni Mwayen pou Zòn nan.

Etap pou Fè Demann – Kisa yon kandida bezwen konnen

Kiyès ki ka fè demann?

- Lokatè
- Mèt kay sou non lokatè

Èske w se yon rezidan k ap viv nan lojman piblik oswa lòt lojman lokasyon ki gen restriksyon selon revni moun touche?

Si w vle rete nan lojman aktyèl ou men w dwe lwaye ki an aryè, ou kapab fè demann dirèkteman nan ERAP pou èd. Sepandan, petèt ou te ka vle mande manadjè pwopriyete w si yo ta gen volonte fè demann sou kont ou.

Sepandan, si w bezwen èd avèk peman bòdwo sèvis piblik ki an aryè oswa w ap chache pou w kite lojman w, ou dwe fè demann dirèkteman pou ERAP.

Kisa mwen bezwen pou mwen fè demann?

1. Pou w kalifye:
 - Fòk ou touche revni ki pa plis pase [80 pousan revni mwayen pou zòn nan \(area median income\) \(AMI\)](#)
 - Fòk ou se lokatè, epi fòk yon manm nan kay la montre ke yo:
 - Te sibi difikilte finansye ki gen rapò ak COVID-19
 - sou risk sanzabri oswa enstabilite lojman.

2. Lokatè yo pral oblije bay dokiman obligatwa sa yo.
 - Pyès idantite pou moun ki tèt kay la:
 - Dokiman sa a pral bezwen genyen ladan li non konplè ak dat nesans moun ki tèt kay la. Egzanp se pèmi kondwi yon eta te bay li, batistè, oswa paspò
 - Verifikasyon lojman aktyèl
 - Kontra, akò pou lokasyon, oswa fòmilè lokasyon sou volonte
 - Verifikasyon kriz lojman ki elijib (founi tout sa ki aplikab pou w)
 - Avi aryè oswa balans ki an aryè
 - Konvokasyon nan tribinal
 - Avi pou w kite kay la
 - Avi degèpisman
 - Lèt nan men moun ki kite w rete nan kay la si w rete ak yon lòt moun
 - Verifikasyon revni
 - Menaj ki verifye kòm patisipan aktif nan MassHealth oswa pwogram benefis DTA (SNAP, TAFDC, EAEDC, SSI, SSP) ap otomatikman detèmine kòm elijib selon revni pou ERAP. Menaj ki founi yon lèt detèminasyon elijibilite, ki date nan jou oswa apre 1 janviye 2020, pou youn nan benefis sa yo pral detèmine kòm elijib selon revni pou ERAP tou:
 - Lojman piblik (finanse nan nivo eta a oswa federal)
 - Koupon pou Chwa Lojman (Seksyon 8)
 - Koupon pou lojman nan men Eta a: koupon lojman nan men MRVP, AHVP, DMH, oswa DDS
 - LIHEAP
 - Gad timoun ki sibvansyone pa Massachusetts
 - Benefis Chapit 115 pou moun ki Veteran
 - Nou kapab verifye revni anyèl ou pa Fòmilè 1040 pou 2020; OSWA
 - Nou kapab verifye revni mansyèl ou ak de souchèk nan dènye 60 jou yo plis lèt benefis ki pi resan (sekirite sosyal, sipò pou timoun, asirans chomaj, elatriye)
 - Si w ap travay avèk yon travayè sosyal oswa avoka, ranpli fòmilè otorizasyon pou ajan konsa yo kapab ede w fè demann nan.

3. Kite mèt kay w an konnen ou gen entansyon fè demann, kòm yo pral oblije founi dokiman sa yo pou yo kapab resevwa peman yo:
 - W-9 pou pwopriyete a oswa ajan otorize pou pwopriyete a, tankou yon manadjè pwopriyete.
 - Prèv pwopriyete pou inite a

Tanpri kontakte vwazen w yo pou w fè yo konnen pwogram nan, tou!